Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение «Средняя общеобразовательная школа с. Донгарон» муниципального образования – Пригородный район Республики Северная Осетия - Алания

**«Рассмотрено»**

Руководитель МО

Хурбулова З.И.

Протокол № 1

от «28» 08 2017г.

**«Согласовано»**

Заместитель директора по УВР МБОУ СОШ с. Донгарон

Саухалова В.Р..

«30» 08 2017 г.

**«Утверждаю»**

Директор МБОУ СОШ с. Донгарон

Хетагуров Э.А.

Приказ № 69

от «7» 09 2017г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному языку

## для 9 класса

## на 2017 – 2018 учебный год

с. Донгарон

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**
**по учебному курсу «Родной язык»**
**9 класс**
**Базовый уровень**

(68 час)

подготовила
учитель

2017

9-æм къласы мадæлон  æвзаджы Кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Мадæлон  æвзаг æмæ литературæйы программæты бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

**Программæйы нысан:**

- ✓ Мадæлон  æвзаг ахуыр кæныны нысантæ æмæ фæстиуджытæ фæхуыздæр кæнын;
- ✓ ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ астæуккаг скъолайы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны технологитæ  ивд кæй цæуынц, уый хынцгæйæ мадæлон  æвзаджы уроктæм  ивддзинæдтæ бахæссын;
- ✓ астæуккаг скъолайы мадæлон  æвзаг ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

**Программæйы мидис:**

Астæуккаг скъолайы ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадæлон  литературон æвзаджы нормæтимæ, ахуыр сæ кæнынц хи ныхас литературон æвзагмæ гæсгæ аразыныл. Ацы уавæрмæ гæсгæ мадæлон  æвзаджы ахуыртæ дæр арæзт сты мадæлон  литературон æвзаджы тыххæй скъоладзаутæн зонындзинæдтæ раттынмæ.

Фæлæ уыимæ, ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадæлон  æвзаджы равзæрдимæ, йæ структурон арæзтимæ, æвзаджы иуæгтимæ.

Программæ ахуырдзауты зонгæ кæны æвзаджы ахæм æмбарынæдтимæ:

- ✓ вазыгджын хъуыдыйæдтæ, бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ, домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ;
- ✓ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад;
- ✓ синтаксис æмæ пунктуаци;
- ✓ стилистикæ,æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ;
- ✓ иумæйагæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтимæ: æвзаджы равзæрды фарстатæ,  æвзаджы ахадындзинад æхсæнады  царды;
- ✓ программæмæ хаст æрцыдысты, ныхасы рæзтыл куыст цы æмбарынæдты бындурыл арæзт цæуы, уыдон: текст, тексты арæзт, хъуыдыйæдты бастдзинад тексты, тексты функционалон хуызтæ мадæлон  æвзаджы;
- ✓ мадæлон  æвзаджы графикæ, орфографи æмæ пунктуаци, æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ.

Ранымад зонындзинæдтæй уæлдай ма программæйы бæрæггонд цæуынц, 9-æм къласы ахуырдзаутæ цы орфографион, пунктуацион æмæ ныхас аразыны арæхстдзинæдтæ хъуамæ райсой, уыдон дæр.

**9-æм  къласы  Мадæлон  æвзаджы  Кусæн программæйы  структурæ:**

9-æм къласы мадæлон æвзаджы кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принципты. Программæйы хъусдард цыд, цæмæй йæ домæнтæ ахуыргæнджытæн уой æнцон баххæстгæнæн, цы æмбарынæдтæ дзы амынд цæуы, уыдон та скъоладзаутæн – æнцон бамбарæн.

Программæйы æрмæджы равæрд у ахæм: синтаксис æмæ пунктуаци, фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи, лексикæ, морфемикæ, морфологи.

Ныхасы рæзтыл куыст фæпарахатдæр кæныны тыххæй æвзаджы æмбарынæдтæ лæвæрд цæуынц ныхасы рæзтыл куыстытимæ æнгом бастæй, æвзаджы иуæгтæн ныхасы мидæг цы ахадындзинад ис, уый амонгæйæ. Ныхасы рæзтыл куыстытæн сæ ахадгæдæртæ сты тексты бындурыл æххæсгæнæн фæлтæрæнтæ, кæцытæ бæрцæй лæвæрд цæуынц грамматикæ амоныны куысты хуызтимæ.

Программæйы стыр бынат ахсы рацыд æрмæг фæлхат кæныныл куыст. 5-8-æм къласы «Синтаксисы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын»-æн лæвæрд цæуы 6 сахаты. Уымæй уæлдай ма алы ног темæ дæр амынд цæуы рацыд æрмæджы бындурыл, кæронæй та æнæмæнг хъуамæ цæуа рацыд æрмæг фæлхат кæныныл куыст.

Программæйы бæрæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

## Кусæн программæйы нысан æмæ хæстæ

**Программæйы сæйраг нысан:** ахуырадон предмет «Мадæлон æвзаг» 9-æм къласы ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. 9-æм къласы Кусæн программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæныныл фæцалх кæнын.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы ***æвзагон*** æмæ ***лингвистикон, коммуникативон*** компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), ***культурæамонынады*** *(культуроведческая*) компетенци рæзын кæнын.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, мадæлон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – мадæлон æвзаг мадæлон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый

æнкъарын; æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, мадæлон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Мадæлон æвзаджы» сæйраг хæстæ сты:***

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, мадæлон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

**Предметы хицæндзинад:**

***Мадæлон æвзаг*** у мадæлон адæмы уд æмæ зонд, мадæлон адæмы культурæйы хæзнадон; мадæлон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы культурæ æмæ царды уагимæ.

Æвзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ мадæлон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

**Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:**

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

**Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ**

**арæхстдзинæдтæм**

- 9-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
- орфограммæты хуызтæ;
- бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады хуызтæ;
-вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт;

- стилистикæйы æмбарынæдтæ;
- тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ;
- дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хицæндзинæдтæ;
- тексты арæзт; стильтæ, се взагон миниуджытæ;
- æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ;
- æрхæцæн нысæнтты хуызтæ æмæ се вæрыны æгъдæуттæ;
- мадæлон æмæ дыгурон диалекты иуæй –иу лексикон- грамматикон хицæндзинæдтæ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:**

- вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ ныхасы стиль æмæ тексты мидисмæ гæсгæ;
- тексты хуыз, йæ хæйттæ æмæ стильмæ ахаст иртасынмæ;
- литературон æвзаджы нормæтæ бæрæг кæнынмæ;
- вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнынмæ;
- вазыкджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
- домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгонд уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивынмæ;
- пунктуацион рæдыдтытыл кусынмæ;
- цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ орфографион рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
- ныхасы алыхуызон стильтæм гæсгæ текcттæ аразынмæ;
- текст кæронмæ фыссынмæ;
- дыгурон диалекттыл фыст тексты мидис æмбарын кæнынмæ;
- тексты стиль бæрæг кæнынмæ;
- текстæн конспект, тезистæ, рецензии фыссынмæ;
- литературон - критикон уацхъуыдтæй ( кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
- сочиненитæ фыссынмæ публицистикон темæйыл;
- хъуыддаджы гæххæттытæ ( курдиат, автобиографии, суагъæ) фыссынмæ;
- сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнынмæ;
- диалогтæ аразынмæ;
- тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурынмæ æмæ сæ раст кæнынмæ;
- фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ.

**ТЕМАТИКОН ПЪЛАН МАДÆЛОН ÆВЗАГÆЙ 9-ÆМ КЪЛАСÆН.**

ПРОГРАММÆМÆ ГÆСГÆ – 68 сах.

УЫДОНÆЙ:

- ÆВЗАДЖЫ ТЕОРИ АХУЫР КÆНЫНÆН - 58 сах.
- НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТÆН - 10 сах.

| № | Темæ | Сах. | Равзаринаг фарстатæ | Бон. |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Сочинени «Мæ сæрдыгон бонтæ». | 1 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 2. | Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад. | 2 | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 3. | Вазыгджын хъуыдыйады хуызтæ. | 1 | Вазыгджын хъуыдыйады хуызтæ зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 4. | Бабæттæгвазыгджын хъуыдыйæдты бастдзинады хуызтæ. | 1 | Бабæттæгвазыгджын хъуыдыйæдты бастдзинады хуызтæ зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 5. | Куыд æвзарын хъæуы вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | 1 | Бæлвырд схемæмæ гæсгæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ равзарын. | |
| 6. | Контролон диктант. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 7. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл æрдзурын æмæ хатдзæгтæ скæнын. | |
| 8. | Домгæвазыгджын хъуыдыйад. Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Ахуырдзаутæн бамбарын кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйады сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 9. | Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | 2 | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдты бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдты нысаниуæгыл æрдзурын. | |
| 10. | Изложени. | 1 | Нысхасы рæзтыл баксын. | |
| 11. | Уæлæмхæст хъуыдыйады бынат домгæвазыгджын хъуыдыйады. | 1 | Ахуырдзаутæн бацамонын домгæвазыгджын хъуыдыйады мидæг уæлæмхæст хъуыдыйадæн йæ бынат. | |
| 12. | Уæлæмхæст хъуыдыйады хуызтæ. Æмбаргæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Ахуырдзауты базонгæ кæнын уæлæмхæст хъуыдыйады хуызтимæ (иумæйагæй). | |
| 15. | Бæрæггæнæны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Ахуырдзаутæн бамбарын кæнын бæрæггæнæны уæлæмхæст хъуыдыйады нысаниуæг. | |
| 16. | Фадатон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. Бынаты уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Фадатон æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдты нысаниуæг бамбарын кæнын. | |
| 17. | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйады нысаниуæг бацамонын. | |
| 18. | Сочинени. | 1 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 19. | Архайды хуызы уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Архайды хуызы уæлæмхæст хъуыдыйæдты нысаниуæг бамбарын кæнын. | |
| 20. | Æфсоны уæлæмхæст хъудыйæдтæ. | 1 | Æфсоны уæлæмхæст хъудыйæдты нысаниуæг бамбарын кæнын. | |
| 21. | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдты. | |
| 22. | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдты нысаниуæг бамбарын кæнын. | |
| 23. | Сочинени. | 1 | Ныхасы рæзтыл бакуыст. | |
| 2 | Иумæйаг æмбарынад. | 1 | Ахуырдзаутæн бамбарын кæнын æнæбæттæг | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 4. | Къæдзыг, стъæлф æмæ къæдзыг æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | | вазыгджын хъуыдыйад къæдзыг, стъæлф æмæ къæдзыгимæ. | |
| 25. | Дыстъæлф æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | 1 | Дыстъæлфимæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады нысаниуæг ахуырдзаутæн бацамонын. | |
| 26. | Контролон диктант. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 27. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл æрдзурын æмæ хатдзæгтæ скæнын. | |
| 28. | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | 1 | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады нысаниуæг бацамонын. | |
| 29. | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бабæттæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй. | 2 | Ахуырдзаутæн бацамонын вазыгджын хъуыдыйæдтæ бабæттæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй – йы нысаниуæг. | |
| 30. | Стиль, стилистикæ æмæ практикон стилистикæ (иумæйагæй). Æвзаджы стильтæ. | 2 | Цы у стиль, стилистикæ æмæ практикон стилистикæ, уый ахуырдзаутæн бацамонын. | |
| 31. | Нывмæ гæсгæ куыст. | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 32. | Ныхасы культурæ. | 2 | Бæлвырдæй бакусын ахуырдзауты ныхасы культурæйыл. | |
| 33. | Цы у æмæ цæмæн хъæуы æвзаг. Цæмæй конд у æвзаг. | 1 | Ахуыр-тæн бацамонын æвзаг цы у, цæмæн хъæуы æмæ цæмæй конд у, уый. | |
| 34. | Æвзаг куыд равзæрд æмæ куыд рæзы. | 1 | Æвзаджы равзæрд æмæ рæзты тыххæй ахуырдзаутæн бæлвырд зонындзинæдтæ раттын. | |
| 35. | Контролон диктант. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 36. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл бакусын. | |
| 37. | Æвзæгты хæстæгдзинад. Мадæлон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты æхсæн. | 1 | Мадæлон æвзагæн иннæ æвзæгты æхсæн цы бынат ис, ууыл беседæ саразын. | |
| 38. | Мадæлон литературон æвзаг æмæ диалекттæ. | 2 | Мадæлон литературон æвзаг æмæ диалектты тыххæй æмбарынад ахуыр-тæн бацамонын. | |
| 39. | Изложени. | 1 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 40. | Фонетикæ. Иумæйаг æмбарынад. Дамгъуат. | 1 | Фонетикæйы тыххæй иумæйаг æмбарынад зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 41. | Мырты классификаци. Уæнг. Цавд. | 1 | Мырты классификацийыл бæлвырд æрдзурын. | |
| 42. | Дзырды хæйттæ. | 1 | Дзырды хæйттæ ахуырдзауты зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 43. | Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 44. | Контролон диктант. | 1 | Рацыд æрмæг ахуырдзаутæ куыд бамбæрстой, уый сбæрæг кæнын. | |
| 4 | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл æрдзурын æмæ хатдзæгтæ | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 5. | | | скæнын. | |
| 46. | Дзырды лексикон нысаниуæг. Иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдтæ. | 1 | Иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдты тыххæй æмбарынад зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 47. | Комкоммæ нысаниуæг æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | 1 | Дзырды комкоммæ нысаниуæг æмæ ахæсгæ нысаниуæджы тыххæй бæлвырдæй æрныхас кæнын. | |
| 48. | Синомимтæ, антонимтæ, омонимтæ. | 2 | Ахуырдзауты зæрдыл æрлæууын кæнын синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимты нысаниуæг. | |
| 49. | Архаизмтæ, неологизмтæ, профессионалон дзырдтæ. | 2 | Архаимтæ, неологизмтæ æмæ профессионализмты нысаниуæг зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 50. | Фæдзæхстон диктант. | 1 | Растфыссынад бакусын. | |
| 51. | Иумæйаг æмбарынад ныхасы хæйттæ тыххæй. Номдар. Номивæг. Нымæцон. | 2 | Бæлвырд æрныхас кæнын номдар, номивæг æмæ нымæцоны грамматикон хицæндзинæдтыл. | |
| 52. | Мивдисæг æмæ йæ формæтæ (миногми, фæрссагми). | 1 | Ахуырдзауты зæрдыл æрлæууын кæнын мивдисæджы æмæ йæ формæтæ. | |
| 53. | Сочинени. | 1 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 54. | Миногон. Фæрсдзырд. | 1 | Миногон æмæ фæрсдзырды нысаниуæг зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 55. | Контролон диктант. | 1 | Растфыссынад бакусын. | |
| 56. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл æрдзурын. | |